

## EDIKASYON POU PREVANSYON HIV NAN KINDERGARTEN

Leson Kindergarten yo gen ladan yo konsèp ak konesans debaz elèv ap bezwen pou enstriksyon prevansyon HIV alavni, ak pou sante pandan tout lavi yo.

Nimewo lesan an	Tit lesan an	Konsantrasyon sou sijè ak konesans	Objektif lesan an
1	Kisa sa vle di ansante?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Aprann sa sa vle di ansante ak santi w byen.</li> </ul>	Leson sa a anseye elèv pou idantifye konpòtman ki ede yo rete ansante, tankou bwè dlo ak manje manje nourisan.
2	Kisa sa vle di malad?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Fè distenksyon ant malad ak ansante.</li> <li>Konesans: Idantifye adilt ou fè konfyans ki ka ede lè w malad.</li> </ul>	Elèv aprann sentòm debaz grip ak etap yo ka suiv pou rekipere tankou ale kay doktè oswa nan klinik.
3	Kòman nou ka rete ansante?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Aprann diferan fason pou rete an bòn sante.</li> <li>Kapasite: Pratike konpòtman sante pou rete ansante oswa amelyore sante.</li> </ul>	Elèv aprann abitud ki ede yo rete an bòn sante, tankou lave men yo ak bwose dan yo.
4	<p>Kòman moun atrape maladi ?                      Kisa VIH (HIV) ye?                      Kisa VIH (AIDS) ye?</p> <p><i>*Paran ka refize pou elèv li patisipe nan lesan sa a</i></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Kòman mikwòb lakoz maladi.</li> <li>Sijè: Aprann diferans ant maladi yon moun ka transmèt fasil, ki difisil pou yon moun transmèt ak maladi yon moun pa ka transmèt ba yon lòt moun.</li> </ul>	Elèv aprann kisa mikwòb ye ak kòman yon moun ka transmèt yo ba yon lòt moun (paegzanp, etènye, touse, touche) pou lakoz maladi. Elèv aprann tou yon senp definisyon pou HIV ak AIDS ak aprann HIV difisil pou atrape.
5	Kiyès ki ede nou lè nou malad?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Enfòmè sou diferan moun ak kote ki ka ede nou lè nou malad.</li> <li>Konesans: Idantifye adilt ou fè konfyans ki ka ede lè w malad.</li> </ul>	Elèv aprann kòman pou idantifye adilt yo fè konfyans ki ka ede lè yo malad.



## EDIKASYON POU PREVANSYON HIV POU KLAS 1<sup>ye</sup> ANE

Leson klas 1ye ane yo gen ladan yo konsèp ak konesans debaz elèv ap bezwen pou enstriksyon prevansyon HIV alavni, ak pou sante pandan tout lavi yo.

Nimewo lesan an	Tit lesan an	Konsantrasyon sou sijè ak konesans	Objektif lesan an
1	Kòman nou ka rete ansante?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Idantifye pratik pou rete ansante.</li> <li>Konesans: Fikse yon objektif akoutèm pou ede rete ansante oswa amelyore sante.</li> </ul>	Nan lesan sa a, elèv aprann idantifye konpòtman sante debaz, tankou lave men ak manje manje nourisan.
2	Kòman yon moun transmèt maladi ba yon lòt moun?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Aprann diferans ant maladi yon moun ka transmèt fasil, ki difisil pou yon moun transmèt ak maladi yon moun pa ka transmèt ba yon lòt moun.</li> <li>Konesans: Pratike konpòtman sante pou prevni maladi.</li> </ul>	Elèv aprann kèk maladi fasil pou transmèt epi lòt ki pa fasil pou transmèt. Yo aprann tou mwayen pou anpeche mikwòb pwopaje.
3	Kisa viris ye? Kòman yo antre nan kò moun pou fè yo malad?  <i>*Paran ka refize pou elèv li patisipe nan lesan sa a</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Aprann viris se yon tip mikwòb ki ka lakoz maladi ak mwayen viris ka rantre nan kò moun.</li> <li>Konesans: Pratike konpòtman sante pou rete ansante oswa amelyore sante.</li> </ul>	Lesan sa a anseye elèv yon viris se yon tip mikwòb, epi gen diferan mwayen pou mikwòb rantre nan kò a. Elèv aprann sa yo ka fè pou anpeche mikwòb rantre nan kò yo oswa nan kò lòt moun.
4	Kòman kò nou konbat viris? Poukisa kò nou pa ka konbat HIV?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Konprann sistèm iminitè ak kòman HIV afebli l.</li> </ul>	Elèv gade efè HIV sou sistèm iminitè ak kòman moun ki gen HIV ka rete ansante.
5	Lè nou malad, kisa nou ka fè pou nou vin amelyore?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Enfòmè sou izaj kòrèk medikaman lè nou malad.</li> <li>Sijè: Konprann enpòtans swen ak sipò fanmi lè yon moun malad.</li> <li>Konesans: Idantifye adilt ou fè konfyans pou mande èd.</li> </ul>	Elèv aprann kòman founisè swen sante ka ede moun lè yo malad. Yo aprann tou idantifye adilt yo fè konfyans pou mande èd si yo malad, blese oswa si yo gen kesyon sou kò yo ak sante yo.

## EDIKASYON POU PREVANSYON HIV POU KLAS 2<sup>yèm</sup> ANE



Department of Education Office of School Wellness Programs

Think — Move — Achieve —

Leson klas 2yèm ane yo gen ladan yo konsèp ak konesans debaz elèv ap bezwen pou enstriksyon prevansyon HIV alavni, ak pou sante pandan tout lavi yo.

Nimewo leson an	Tit leson an	Konsantrasyon sou sijè ak konesans	Objektif leson an
1	Ki kèk chwa sante timoun fè?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Idantifye chwa ki bon ak ki pa bon pou sante.</li> <li>Konesans: Pran desizyon pou amelyore sante oswa pou rete ansante.</li> </ul>	Leson sa a anseye elèv pou idantifye konpòtman ak konesans pou rete ansante, tankou lave men ak manje manje nourisan.
2	Kisa ki pase lè nou malad?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Idantifye sa moun ka fè pou prevni maladi ak trete maladi.</li> <li>Konesans: Pratike konpòtman sante pou prevni maladi.</li> </ul>	Leson sa a konsantre sou fason pou prevni maladi ak kòman grip komen an afekte yon moun ki gen HIV konpare avèk yon moun ki pa gen HIV. Elèv aprann tou enpòtans lè moun janti ak moun ki gen HIV.
3	Kisa ki lakòz ak anpeche maladi pwopaje ?  <i>*Paran ka refize pou elèv li patisipe nan leson sa a</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Fè distenksyon ant maladi ki atrapan ak maladi ki pa atrapan epi idantifye kòman mikwòb pataje oswa pwopaje pou lakoz maladi.</li> <li>Konesans: Pratike bon konpòtman sante pou anpeche oswa redui kontaminasyon ak mikwòb.</li> </ul>	Leson sa a fè diferans ki genyen ant maladi kontajye ak maladi ki pa kontajye tankou ki tip mikwòb ki pi fasil pou atrape ak sa ki pi difisil pou atrape. Li ankouraje tou elèv pou pratike bon abitud, tankou kòman pou rete sennesof kote ki gen san.
4	Ki wòl sistèm iminitè a nan konbat maladi? Kòman HIV afekte sistèm iminitè a?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Konprann sistèm iminitè ak kòman HIV afefbli l.</li> </ul>	Elèv gade efè HIV sou sistèm iminitè ak kòman moun ki gen HIV ka rete ansante.
5	Kòman moun santi yo lè yo malad? Kòman lòt moun santi yo avèk yo?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Aprann kòman maladi afekte moun ak kòman lòt moun ka ede moun ki malad santi yo pi byen.</li> </ul>	Elèv aprann kòman founisè swen sante ka ede moun lè yo malad. Yo aprann tou idantifye adilt yo fè konfyans pou mande èd si yo malad, blese oswa si yo gen kesyon sou kò yo ak sante yo.



## EDIKASYON POU PREVANSYON HIV POU KLAS 3<sup>yèm</sup> ANE

Leson klas 3yèm ane yo gen ladan yo konsèp ak konesans debaz elèv ap bezwen pou enstriksyon prevansyon HIV alavni, ak pou sante pandan tout lavi yo.

Nimewo lesan an	Tit lesan an	Konsantrasyon sou sijè ak konesans	Objektif lesan an
1	Kòman nou atrape mikwòb ki fè nou malad?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Aprann kòman mikwòb rantre nan kò a ak lakoz maladi.</li> <li>Konesans: Pratike konpòtman sante pou prevni maladi.</li> </ul>	Leson sa a eksplike kòman yon moun ka transmèt mikwòb ba yon lòt moun . Elèv aprann sa yo ka fè pou prevni maladi (kouvri bouch lè y ap touse, etènye nan koud bra yo, etc).
2	Kòman kò a konbat maladi?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Aprann kòman kò a konbat maladi ak efè HIV sou sistèm iminitè a.</li> <li>Sijè: Konprann SIDA (AIDS) se yon etap avanse HIV.</li> <li>Konesans: Pratike konpòtman pou prevni maladi.</li> </ul>	Elèv aprann diferans ant HIV ak AIDS. Yo aprann kòman HIV ak AIDS afekte sistèm iminitè a pou afebli defans kò a kont maladi.
3	Kòman HIV afekte sistèm iminitè a?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Fè distenksyon ant fonksyon yon sistèm iminitè ki ansante ak yon sistèm iminitè HIV afebli.</li> <li>Konesans: Pratike bon konpòtman pou ede sistèm iminitè a.</li> </ul>	Elèv etidye eleman debaz sistèm iminitè a ak HIV. Yo aprann efè HIV sou sistèm iminitè a, ak bon konpòtman pou amelyore fonksyon sistèm iminitè a.
4	Ki chwa ki bon pou lasante moun ka fè ? <i>*Paran ka refize pou elèv li patisipe nan lesan sa a</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Distenge ant chwa ki bon ak chwa ki pa bon pou sante.</li> <li>Konesans: Pran desizyon pou amelyore sante oswa pou rete ansante.</li> </ul>	Leson sa a eksplike kèk nan chwa elèv yo fè chak jou ak kòman yo afekte sante yo. Elèv etidye tou etap pou pran bon desizyon ak pratike pou fè chwa ki bon pou lasante.
5	Jwenn èd lè nou gen yon pwoblèm	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Idantifye kote pou ale pou jwenn èd pou yon pwoblèm.</li> <li>Konesans: Pratike pou idantifye adilt yo fè konfyans ak kominike bezwen yo aklè.</li> </ul>	Nan lesan sa a, elèv aprann kòman pou idantifye adilt yo fè konfyans. Elèv yo brase lide sou fason yo ka jwenn èd san danje pou tèt yo oswa pou lòt moun lè yo malad, blese oswa lè yo trete yo mal.



## EDIKASYON POU PREVANSYON HIV POU KLAS 4<sup>yèm</sup> ANE

Leson klas 4yèm ane yo gen ladan yo konsèp ak konesans debaz elèv ap bezwen pou enstriksyon prevansyon HIV alavni, ak pou sante pandan tout lavi yo ak senpati pou moun ki gen HIV.

Nimewo leson an	Tit leson an	Konsantrasyon sou sijè ak konesans	Objektif leson an
1	Kisa ki lakoz maladi? Kòman sistèm iminitè a pwoteje kò a kont maladi?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Konprann yon chèn enfeksyon.</li> <li>Konesans: Pratik debaz pou pran swen pwòp tèt yo pou rekiperè yo lè yo malad.</li> </ul>	Elèv yo aprann sa k pase andedan kò a lè li afekte avèk yon viris ki atrapan tankou woujòl. Yo aprann tou kòman vaksein ede kò a evite kèk tip maladi.
2	Kòman kò a konbat maladi? Kòman HIV afekte sistèm iminitè a?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Konprann kòman sistèm iminitè a fonksyone ak kòman HIV afekte l.</li> </ul>	Nan leson sa a, elèv aprann kòman sistèm iminitè a fonksyone ak kòman HIV ka fè moun mal. Elèv aprann pa gen gerizon pou HIV. Sepandan, gen tretman ki ede moun ki gen HIV viv lontan ak ansante.
3	Ki mit komen ak reyalyte ki genyen sou transmisyon HIV?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Idantifye kòman HIV pwopaje ak kòman li pa ka pwopaje.</li> </ul>	Elèv yo aprann HIV pwopaje sèlman atravè kèk konpòtman espesifik men se pa nan kontak abityèl. Yo aprann tou kòman mit sou transmisyon HIV yo ka fè mal.
4	Kòman nou ka ede lòt moun fè chwa ki bon pou lasante ?  <i>*Paran ka refize pou elèv li patisipe nan leson sa a</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Idantifye fason pou adopte bon konpòtman ak ankouraje lòt moun pou fè menm bagay la.</li> <li>Konesans: Itilize kapasite kominikasyon ki efikas pou defann lòt moun pou yo viv ansante ak pou reziste kont presyon negatif kamarad yo ap fè sou yo.</li> </ul>	Elèv eksplòre abid sante konpòtman riske ki pozitif ak negatif ak presyon kamarad. Yo pratike pou itilize konesans pou refize pou evite ris negatif ak ankouraje lòt moun fè chwa ki bon pou lasante.
5	Kòman nou ka jwenn enfòmasyon ak èd nan kominote a?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Aprann karakteristik yon resous sante ou ka fè konfyans</li> <li>Konesans: Idantifyeresous ou ka fè konfyans pou enfòmasyon ak èd ki gen rapò avèk sante.</li> </ul>	Nan leson sa a, elèv yo aprann etap pou idantifye resous sante ou ka fè konfyans epi ki presi.



## EDIKASYON POU PREVANSYON HIV POU KLAS 5<sup>yèm</sup> ANE

Leson klas 5yèm ane yo gen ladan yo konsèp ak konesans debaz elèv ap bezwen pou enstriksyon prevansyon HIV alavni, ak pou sante ak senpati pandan tout lavi yo pou moun ki gen HIV .

Nimewo lesan an	Tit lesan an	Konsantrasyon sou sijè ak konesans	Objektif lesan an
1	Kòman kò a pwoteje tèt li kont maladi?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Kòman sistèm iminitè a fonksyone ak kòman HIV afekte l.</li> <li>Konesans: Abitid debaz pou pwoteje kò a kont mikwòb ak maladi.</li> </ul>	Elèv aprann kisa HIV ye ak kòman li afebli sistèm iminitè a.
2	Kòman HIV pwopaje?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Konprann mit ak reyalyte sou transmisyon HIV .</li> <li>Konesans: Kominike avèk adilt yo fè konfyans sou fason yon moun ka pran HIV ak fason li pa ka pran l.</li> </ul>	Leson sa a eksplòre kòman yon moun bay yon lòt moun HIV . Elèv yo aprann HIV transmèt atravè konpòtman espesifik men se pa nan kontak òdinè .
3	Kouman Nou ka Diminye Konpòtman ki riske yo ?  <i>*Paran ka refize pou elèv li patisipe nan lesan sa a</i>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Konpòtman negatif ak pozitif ki riske ak konsekans yo.</li> <li>Konesans: Itilize yon pwosesis prizdesizyon pou konprann rezilta posib konpòtman ki riske yo.</li> </ul>	Leson sa a eksplòre rezon ki fè moun pran ris ki pozitif ak negatif. Elèv yo aprann etap pou panse sou kote pozitif ak kote ki negatif konpòtman ki riske yo.
4	Kòman HIV/AIDS afekte sosyete a?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Kòman HIV ak AIDS chanje mond lan ak afekte kominote yo.</li> <li>Konesans: Defann fason moun ka evite ris HIV ak sipòte moun ki gen HIV.</li> </ul>	Elèv aprann kòman HIV ak AIDS ogmante sansibilizasyon konpòtman ki riske yo. Yo aprann poukisa li danjre lè yo mete move etikèt sou HIV kòm yon maladi ki afekte sèlman kèk gwoup moun.
5	Ki resous ki ofri enfòmasyon ak èd sou HIV/AIDS?	<ul style="list-style-type: none"> <li>Sijè: Idantifye resous yo ka fè konfyans pou jwenn enfòmasyon sou HIV ak AIDS.</li> <li>Konesans: Idantifye adilt yo ka fè konfyans pou pale avèk yo sou HIV ak AIDS.</li> </ul>	Leson sa a ede elèv konprann aprantisaj reyalyte syantifik sou transmisyon HIV ka ede anpeche viris la pwopaje.

